

Klinik sou Zafè Taks

Sèvis Nou Bay

Klinik sou zafè taks la kapab ede-w si "Internal Revenue Service" voye mande-w regleman sou koze sa yo:

- Credi yo rele EITC-a (Earned Income Tax Credit)
- Exzamen ak odit.
- Pwoblèm ki parèt lè-w dwe IRS lajan: sele sou byen ou posede, pran moso nan lajan travay ou, lajan ou genyen labank, epi lajan retrèt ou (chèk sosyal sekirite).
- Lèt ou recevwa ki di ke-w dwe taks apre IRS fin fè yon kontwòl sou bagay ou mete nan ennkòm taks ou (odit).
- Lè yon moun volè nimewo sosyal sekirite-w pou-l fè taks
- Dèt taks mari-w ousnon madanm-ou fè san-w pa konnen.
- Plan pou peye dèt IRS ousnon lòt fason ou ka rezoud pwoblèm dèt sa yo ak "Tonton Sam."

Sèvis Nou Pa Bay?

- Nou pa fè ennkòm taks san se pa yon pwoblèm ou geyen avèk yon taks ou deja voye ale bay IRS
- Nou pa bay konsèy ousnon konsiltasyon sou zafè taks si ou pa genyen yon pwoblèm taks pou rezoud ak IRS
- Sèvis nou gratis ti cheri



KI KOTE BIWO NOU YE?

Men adrès Klinik Taks "Legal Aid Society" nan conte Palm Beach


423 Fern Street, Suite 200

West Palm Beach, FL 33401

Antre biwo-a nan Fern Street ant Dixie Hyway ak Quadrille Boulevard.

oswa aplike sou entènèt nan :

www.legalaid.org/onlineintake



Lajan ki finanse projè sa-a sot nan Low Income Taxpayer Clinics, bawo La Florid; epi sèvis gratis avoka ak pwofesyonel ki fè deklarasyon enpo (taks) nan conte Palm Beach



Klinik sou Zafè Taks

Low Income Taxpayer Clinic

Pwogram pou ede moun ki genyen pwoblèm

Taks ak IRS



Klinik Taks "Legal Aid Society"

423 Fern Street, Suite 200
West Palm Beach, FL 33401
Telefòn : (561) 655-8944 Ext. 287
Faks : (561) 655-5269
aplike sou entènèt :
www.legalaidpbc.org/onlineintake

KONDISYON POU KALIFYE POU SÈVIS LA

Nou kapab defan-n moun ki rampli kondisyon sa yo:

1. Salè travay ou pa depase 250% nivo pòvte pibliye chak ane pa òganizasyon yo rele "United States Health and Human Services" (HHS)*

Moun ki nan kay la	Pi gwo Lajan ki pou rantre
1	\$37,650
2	\$51,100
3	\$64,550
4	\$78,000
5*	\$91,450

* ajoute \$13,450 pou chak moun ki anplis nan yon kay ki genyen plis ke 5 mounn

2. Lajan ke-w dwe IRS-la pa kapab depase \$50,000 selon manman lwa IRS seksyon 5463



KOUMAN NOU KAPAD EDE-W?

Klinik taks-la kapab ede-w si-w genyen pwoblèm ak IRS. Klinik lan ba-w asistans si-w kalifye e kalfikasyon-w depan-n de lajan wa-p fè.

- Nou asiste kontribiyab ki resevwa lèt IRS ki di ya-p vin pran nan lajan-w touche nan retrèt-w (sosyal sekritite) ousnon ya-p vin poze sele sou byen ou posede.
- Nou kapab ede moun IRS ap kontwole si bagay yo mete nan ennkòmtaks yo kòrèk. Yo rele sa yon odit.
- Nou bay asistans e nou ka fè apèl is nesèsè, pou moun ke IRS ap mande kont sou kredi yo rele Earned Income Tax Credit-a (EITC).

Klinik sou zafè taks "Legal Aid Society"-a kenbe tout enfòmasyon-w sekrè. Moun ki vin pran sèvis dwe pare pou yo répon-n keksyon sou lajan yo genyen pou yo viv (salè travay, lajan biznis, lajan retrèt). Fòk yo pare tou pou bay enfòmasyon sou stati legal yo nan peyi Etazini, otorizasyon travay yo genyen, epi enfòmasyon sou lòt koze empòtan ankò ki kapab afekte yon pwoblèm taks yo genyen avek IRS. Nap kapab asiste-w pi byen si-w bay tout enfòmasyon nou bezwen yo.



KÈK TI KONSÈY

Travay nou ap pi fasil, si ou genyen enfòmasyon sa yo avan ou vini wè nou, ousnon avan ou rele nan telefòn:

- Dekont salè-w (W2, 1099) ousnon resi chèk.
- Tout lèt IRS voye ba-w yo. IRS rele yo notis.
- Kopi tout repons ou te voye bay IRS.
- Kopi ennkòmtaks kap bay pwoblèm lan.
- Kopi ennkòmtaks pou senk lane pase yo.
- Epi tout lòt papye ki gen rapò ak taks pwoblèm ou genyen an.

LÒT SÈVIS BIWO-A BAY

A kote sèvis klinik pou zafè taks, Legal Aid Society nan conte Palm Beach ede moun ak koze legal gratis. Nou ka defan-n ou nan tribinal. Nou òganize seyans enfòmasyon sou kouman pou pa pèdi kay ou. Nou fè semine sou dwa la fanmy, sou vyolans konjigal e pou fini sou Social Security ak Medicare pou moun ki genyen 60 an e pik. Si-w tombe nan Kategori moun sa yo, ou kapab kalifye pou lòt sèvis nou bay nan biwo "Legal Aid Society" nan conte "Palm Beach."